ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ШОМАНАЙ РАЙОНЫ ҲӘКИМИНИҢ ШЕШИМИ

ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ ШУМАНАЙ ТУМАНИ ҲОКИМИНИНГ ҚАРОРИ

№86/2 «2» - февраль 2018 ж.й

Шоманай районы аймағында барлық хожалық жүргизиўши субъектлерге ҳәм пуқараларға тийисли болған автомототранспорт қуралларын ҳәм тиркемелерин мәжбүрий техникалық көриктен өткериў ҳаққында

Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2003-жыл 31-январдағы 54-санлы қарары менен тастыйықланған «Транспорт қуралларын мәжбүрий техникалық көриктен өткериў тәртиби ҳаққында»ғы Режесине тийкар ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2018 жыл 08-январьдағы 03-08/13-01/11-санлы мәжилис баянламасын басшылыққа алып, район аймағындағы барлық хожалық жүргизиўши субъектлерге ҳәм пуқараларға тийисли болған автомототранспорт қуралларын ҳәм тиркемелерин мәжбүрий техникалық көриктен өткериў мақсетинде

Ш Е Ш И М Е Т Е М Е Н :

1. Транспорт қуралларын мәжбүрий техникалық көриктен өткериў бойынша районлық комиссияның қурамы 1-қосымшаға, райондағы мәкеме, кәрхана шөлкемлердиң транспорт қуралларын мәмлекетлик мәжбүрий техникалық көриктен өткериў кестеси 2-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

2. Районлық ишки ислер бөлиминиң жол ҳәрекети қәўипсизлиги бөлимшеси М.Даўлетмуратов транспорт қуралларын мәжбүрий техникалық көриктен өткериў тапсырылсын.

Мәжбүрий техник көрикти шөлкемлестириў бойынша райондағы зәрүр шәраят ҳәм үскенелерге ийе болған техник хызметин көрсетиўши «Шоманай шабандоз транс» Жуўапкершилиги шекленген жәмийети менен Қарақалпақстан Республикасы Ишки ислер министрлигиниң Жол ҳәрекети қәўипсизлиги басқармасы ортасында шәртнама дүзилгенлиги мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. «Транспорт қуралларын мәжбүрий техникалық көриктен өткериў тәртиби ҳаққында»ғы кестени 1-бөлим 5-бәнтиниң «а» киши бәнтиндеги транспорт қуралларын техникалық көриги:

биринши мәрте 2018-жылдың 1-март – 30-июнь аралығында;

екинши мәрте 2018-жылдың 1-сентябрь 31-октябрь аралығында;

юридикалық тәреплерге қараслы болған транспорт қуралларының техникалық көриги 2018-жылдың 1-март-30-июнь аралығында;

физикалық тәреплерге тийисли болған транспорт қуралларының техникалық көриги 2018-жыл 1-январь 31-август аралығында өткерилетуғынлығы белгиленсин.

4. Райондағы барлық мәкеме, кәрхана, шөлкем ҳәм жәмийетлердиң баслықларына, қараўындағы транспорт қуралларын мәжбүрий техникалық көриктен сапалы өткериўге таярлаў иләжларын көрсин.

5. Райондағы барлық мәкеме, кәрхана, шөлкем, жәмийетлер ҳәм меншигинде транспорт қураллары болған пуқаралар өз транспорт қуралларын белгиленген мүддетлерде мәжбүрий техникалық көриктен өткериўге алып келиўин, техникалық жақтан сазлығын ҳәм оларды жарамлы түринде алып келиўин тәмийинлесин.

6. Район ҳәкиминиң « Шоманай районы аймағында барлық хожалық жүргизиўши субъектлерге ҳәм пуқараларға тийисли болған автомототранспорт қуралларын ҳәм тиркемелерин мәжбүрий техникалық көриктен өткериў ҳаққында»ғы 2017 жыл 18 февральдағы қарары («Шоманай нуры» 2017 жыл 8 апрель 13 (5303) сан) 2017 жыл 31 декабрьден бийкар етилсин.

7. «Шоманай нуры» газетасы бас редакторы К.Наўрызовқа транспорт қуралларын мәжбүрий техникалық көриктен өткериў баслағанлығын ҳәм өткериў барысын газета бетлеринде жәриялап барыў усыныс етилсин.

8. Бул шешим районлық «Шоманай нуры» газетасында рәсмий түрде жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

9. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў районы ҳәкиминиң орынбасары (Р.Клычев) ҳәм районлық ишки ислер бөлими баслығы Б.Булатовқа жүкленсин.

Шоманай районы ҳәкими **Б.Янгибаев**

Копия верна

Шоманай районы ҳәкиминиң
«____»_____2018-жыл
_____-санлы шешимине
1-қосымша

Транспорт куралларын мәжбүрий техникалық көриктен өткериў бойынша районлық комиссия қурамы

1	М.Даулетмуратов	район ИИБ жол ҳәрекети қәўипсизлиги бөлимшеси аға инспекторы, комиссия баслығы
2	М.Айтмуратов	район жол хожалығы кесип алып ислеў, оңлаў, пайдаланыў кәрханасы баслығы, комиссия ағзасы
3	Қ.Сержанов	районлық абаданластырыў басқармасы бас инженери, комиссия ағзасы
6	К.Наўрызов	«Шоманай нуры» газетасы редакторы, комиссия ағзасы

Шоманай районы ҳәкиминиң
«___»_____2018-жыл
_____-санлы шешимине
2-қосымша

Райондағы мәкеме, кәрхана шөлкемлердиң транспорт қуралларын мәмлекетлик мәжбүрий техникалық көриктен өткериў кестеси

№	Мәкеме, кәрхана, шөлкем атлары	Техникалық көриктен өткериў күни, сәнеси, жылы	Техникалық көрик өткерилетуғын орын
1	Районлық ҳәкимият	01.03.2018	Шоманай районы, «Шоманай Шабандоз транс» ЖШЖ техникалық көриктен өткериў имараты
2	Районлық медицина бирлеспеси	05.03.2018	
3	Районлық абаданластырыў басқармасы	09.04.2018	
4	Район телекоммуникация тармағы	18.04.2018	
5	Районлық почта	14.04.2018	
6	Районлық мәмлекетлик санитария эпидемиология бақлаў орайы	17.04.2018	
7	Районлық мәмлекетлик салық инспекциясы	18.04.2018	
8	Район жол хожалығы кесип алып ислеў, оңлаў, пайдаланыў кәрханасы	24.04.2018	
9	Шоманай агроэкономика колледжи	25.04.2018	
10	Шоманай аўыл хожалық кәсип өнер колледжи	30.04.2018	
11	Шоманай педагогика колледжи	02.05.2018	
12	«Р.Жарылқасынов» Жеке меншик кәрханасы	19.05.2018	
13	«Қурылыс сервис Шоманай» ЖШЖ	21.05.2018	
14	«Даўран-Жанибек» ЖМК	26.05.2018	
15	Районлық қаржы бөлими	28.05.2018	
16	«Ақ қум» фермер хожалығы	31.05.2018	
17	«Шоманай инвест плюс» Жуўапкершилиги шекленген жәмийети	02.06.2018	
18	«Нуратдин-Мухаматдин» ЖМК	04.06.2018	
19	«А. Караматдинова» ЖМК	09.06.2018	
20	Халық банки Шоманай филиалы	11.06.2018	

21	«П.Жумабаева» жеке меншик фирмасы	09.06.2018	
22	Районлық ветеринария станциясы	11.06.2018	
23	«Шоманай қурылыс инвест» ЖШЖ	17.06.2018	
24	«Б.Махмудов» фермер хожалығы	19.06.2018	
25	«Шоманай агротехсервис» ЖШЖ	22.06.2018	
26	Жеке меншик автомототранспорт қураллары*	01.01.2018 31.08.2018	

* Пуқараларға тийисли жеке меншик автомототранспорт қураллары 2018-жыл
01-январдан 2018-жыл 31-август сәнелери аралығында алып келиниўине қарап ҳәр күни азанғы саат 9-00 дан кешки 16-00 ге шекем техник көриктен өткериледи.